

# Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



## Konprann Pwen Enpòtan SSI: pwogram Benefisyè Reprezantan



### KISA YON BENEFISYÈ REPREZANTAN YE?

Yon benefisyè reprezantan se yon moun, yon biwo, yon òganizasyon oswa yon enstitisyon nou chwazi pou jere lajan ou lè nou detèmine ou pa anmezi pou fè sa poukонт ou.

Anvan nou nome yon benefisyè reprezantan, nou dwe evalye prèv medikal oswa lòt kalite prèv sou konpetans moun nan genyen pou jere benefis SSI ou. Nou itilize yon lis kalifikasyon pou evalye fiti benefisyè reprezantan yo.

### KIMOUN KI DWE GEN YON BENEFISYÈ REPREZANTAN?

- pifò timoun ki poko gen 18 tan;
- adilt ki enkonpetan legalman; epi
- nenpòt moun nou detèmine ki pa anmezi pou jere oswa pou dirije lajan li.

### KIMOUN KI KA SÈVI KÒM BENEFISYÈ REPREZANTAN OU?

- yon moun (ki pa koupab pou yon krim) ki konsène pou byennèt ou, anjeneral yon paran, konjwen, manm fanmi pwòch, gadyen oswa zanmi;
- yon enstitisyon, tankou yon mezon retrèt oswa yon founisè swen medikal;
- yon biwo piblik oswa yon biwo ki pa la pou fè pwofi oswa yon òganizasyon finansyè; oswa
- founisè oswa ofisyé administratif ki nan lojman moun ki pa gen kay.

### KI DEVWA BENEFISYÈ REPREZANTAN OU?

Devwa ki pi enpòtan yon reprezantan se pou konnen bezwen benefisyè a epi pou itilize benefis yo nan pi bon enterè benefisyè a. Benefisyè reprezantan ou dwe itilize benefis SSI ou pou bezwen òdinè ou genyen pou manje, rad, oswa lojman.

Chak peryòd, n ap mande benefisyè reprezantan ou pou li ranpli yon senp rapò kontablite k ap montre kouman li depanse lajan an.

Benefisyè reprezantan an ta dwe reponn sou non ou pou nenpòt demann pou aksyon oswa enfòmasyon. Demann komen yo se kontablite anyèl benefisyè reprezantan an, re-detèminasyon elijibilite pou SSI oswa demann pou yon revizyon sou enfimite pwolonje.

Otorite benefisyè reprezantan ou limite nan sa ki konsène ou menm ak nou. Yon benefisyè reprezantan pa menm ak yon pwokirasyon. Yon benefisyè reprezantan pa gen otorite pou fè okenn kontra ki angaje li sou non ou.

Yon benefisyè reprezantan responsab pou li rapòte ba nou nenpòt chanjman nan sikontans ou ki ka afekte elijibilite ou pou benefis yo (pa egzanp, revni, resous, chanjman adrès, akò pou rete nan kay, retounen travay, elatriye).

Ou menm oswa benefisyè reprezantan ou ka, nenpòt kilè, fè demann pou nou chanje oswa sispann aranjman benefisyè a. Apre yon demann konsa, n ap mennen ankèt sou sitiyasyon an epi n ap pran yon desizyon.



Si w se yon benefisyè reprezantan pou yon timoun ki poko gen 18 tan, gade dokiman [SSI FOR CHILDREN](#), the SSI Spotlight on [Kont ki Dedye pou Timoun](#), ak [CONTINUING DISABILITY REVIEWS \(CDRs\)](#) pou fason CDR yo fonksyone pou timoun.

**ENPÒTAN:** Sekirite Sosyal bezwen volontè pou sèvi kòm benefisyè reprezantan. Si w ta bezwen gen plis enfòmasyon, tanpri ale nan [wèbsayt](#) espesyal nou oswa rele biwo lokal Sekirite Sosyal. Epitou, gade tiliv enfòmasyon, [A Guide for Representative Payees](#) epi [Guide for Organizational Representative Payees](#).